



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE YON LÈT BAY PREZIDAN AK DIREKTÈ EGZEKITIF JENERAL PFIZER, ALBERT BOURLA, POU MANDE LI POU ACHETE DIRÈKTEMAN VAKSEN COVID-19 LA POU ETA NEW YORK

Demann vaksen an te depase anpil apwovizyonman Gouvènman Federal la

CDC te agrandi anpil kalifikasyon pou vaksen an; Plis pase 7 milyon Nouyòkè kalifye kounye a pou ti kantite vaksen ki disponib yo

Klike [isit la](#) pou wè lèt la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon lèt bay Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pfizer a, Doktè Albert Bourla, pou mande sou posibilite pou achte vaksen COVID-19 yo dirèkteman nan men Pfizer, piske konpayi an pa lye ak angajman ke Moderna te fè anba Operation Warp Speed la.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Lendi 18 janvyè 2021

Chè Doktè Bourla:

Nan non tout Nouyòkè, mwen vle remèsye ou ak ekip yo nan Pfizer ak BioNTech pou travay di nou pou devlope yon vaksen ki san danje, efikas pou COVID-19. Dènye dis mwa yo te fè nwa eksepsyonèlman — men efò ou yo te pote yon limyè klere nan pwent tinèl la epi espere yon pi bon lavni. Sa klè anpil ke vaksen sa yo se zam ki pral finalman genyen lagè a kont COVID-19. Men avèk opsitalizasyon ak lanmò yo k ap ogmante nan peyi a, ivè sa a, nou nan yon kous avèk viris la, epi n ap pèdi amwenske nou ogmante radikalman kantite dòz pou bay Nouyòkè yo. Apre mwen menm ak sèt lòt gouvènè yo te rele Administrasyon Trump lan pou libere plis dòz, Sekretè HHS a, Alex Azar, te deklare gen sekou ki nan wout. Jiskaprezan, sepandan, gouvènman federal la pa te aji sou pwomès sa a— an reyalyte, New York ap resevwa 250.000 dòz semèn sa a, 50,000 an mwens pase semèn anvan an.

Akòz ou pa lye ak angajman Moderna te fè nan kad Operation War Speed la, mwen mande pou Eta New York jwenn otorizasyon pou achte dirèkteman dòz yo nan men ou. Distribisyon nenpòt dòz nou te jwenn dirèkteman nan men Pfizer pral swiv direktiv rijid ke Eta a te etabli, pandan sa pèmèt nou ranpli mank nan dozaj yo ki te kreye semèn sa

atravè administrasyon federal aktyèl la. Tout sa yo pral ranfòse objektif nou pou vaksine 70 rive 90 pousan Nouyòkè osito sa posib ak atenn iminite kolektif.

Pa gen dout ke ou konprann defi New York yo ak lòt eta yo ap fè fas. Sòti nan direktiv Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) te mennen kantite Nouyòkè kalifye ak priyorite yo pou vaksen sòti nan 5 milyon rive nan 7 milyon pratikman pandan lannuit. Administrasyon federal la te espesyalman ouvri yon pòt inondasyon pandan y ap redui apwovizyonman nou — sa ki mennen nan konfizyon, fristrasyon ak aneyanti espwa.

Pfizer se yon konpayi New York - yon bagay mwen fyè anpil de li. Desizyon konpayi an pou kite Operation Warp Speed lan, ke plan administrasyon Biden lan prevwa revize, mete nan yon sèl sityasyon ki ta ka ede nou sove lavi isit la nan New York. Mwen kontan pou mwen diskite zafè sa a avèk ou.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)